


## Avantaj Pwojè a

## Kòm rezulta pwojè sa a :


- Posiblite pou viv ak pou konnekte, ansanm ak espas dekouvrir yo pral amelyore pou moun ki rete nan katye Allston lan.
  - Moblite rejyonnal ak sekirite wout yo pral amelyore lè yo ranje I-90, ak tabli yon nouvo estasyon sou liy Worcester/Framingham Commuter la, ki pral rele West Station.
  - Ranplasman vyadik Allston lan, ki gen anpil laj, pral redwi bezwen pou fè reparasyon pou trafik nan seksyon sa a sou I-90.
  - Yo pral kreye nouvo espas dekouvri arebò Charles River la.
  - Amelyorasyon konplè pral fèt sou Cambridge Street.
  - Konneksyon pou bisiklèt ak pyeton yo pral amelyore.
  - Pral gen amelyorasyon enpòtan nan tranzit ki pral fèt, avèk nouvo enstalasyon pou chanje tren West Station ak Commuter Rail.

Avantaj dirèk ki nan Opsyon Modifye nan Nivo Teren an (At-Grade) :

- Retire estrikti pon ki elve a ap pèmèt genyen yon amelyorasyon nan antre vil la, ak wè katye yo pi byen.
  - Entegrasyon yon twotwa pyeton nan Charles River ap amelyore peyizaj la, ak kreye yon pi gwo separasyon ant trafik Paul Dudley White Path la ak Soldiers Field Road.
  - Pèmèt tabli yon konneksyon ki bèle epi k ap itil pou pyeton ak bisiklèt, depi Agganis Way pou rive Charles River.



Seksyon Transvèsal Modifye pou Zòn Opsyon Modifye nan Nivo Teren am



## **Plis enfòmasyon ak mwayen pou rete enfòme**

Kounye a MassDOT ap kontinye aplike otorizasyon gouvènman federal ak Eta a, ki bay plis opòtinite pou fè konnen sa ou vle di sou pwojè a.


Pou plis enfòmasyon sou pwojè a, ak pou gade dokiman sou pwojè a, tankou prezantasyon ak minit dènye reyinyon yo, oubyen pou mande mete non w nan lis distribisyon nouvèl sou pwojè a, ale nan adrès entènèt pwojè a, ki se: [www.mass.gov/allston-multimodal-project](http://www.mass.gov/allston-multimodal-project)

Oubyen kontakte ekip pwojè a, nan adrès [I-90Allston@dot.state.ma.us](mailto:I-90Allston@dot.state.ma.us).



*Ap genyen yon Opsyon Modifye nan Nivo Teren an*

# Allston Multimodal Project





**massDOT**  
Massachusetts Department of Transportation  
**Highway Division**



## Enfòmasyon Referans sou Pwojè a

Allston Viaduct, ki sèvi pou mennen Massachusetts Turnpike (I-90) depi Allston Interchange jiska Commonwealth Avenue Bridge, prêt pou rive nan bout peryòd li kapab sèvi a, kidonk li bezwen ranplase. Peyaj Elektwonnik Konplè a pèmèt fè Granwout nan Allston lan vin pi dwat, epi amelyore konnekson multimodal yo.

Depi prentan nan lane 2014 la, MassDOT ak Ekip Konsepsyon li an ap devlope yon plan pou ranplase konnekson Allston lan. Ekip la ap kolabore avèk yon Gwooup Travay ki genyen ladan rezidan nan zòn lan, ak konseye, ak ofisyèl yo nonmen oubyen chwazi nan elekson, ak reprezantan enstisyon lokal ak antrepriz, ak kominate Allston lan anjeneral.

Jodi a, nan mwa septanm 2021, MassDOT idantife Opsyon Modifye nan Nivo Teren an kòm yon zòn atansyon nan Pwojè Milti-Modal wout Allston I-90 a. MassDOT pral depoze yon Notifikasyon sou Chanjman nan Pwojè a, pou aliyen pwoesisis Eta a avèk pwoesisis federal la. MassDOT ap pouse yon pwojè tou pou repare vyadik ki la kounye a, pou garanti estrikti a pral kontinje pèmèt sekrite nan trafik oto ak tren yo. Reparasyon vyadik la prevwa pou yo kòmanse nan fen lane 2022.


## Apèsi sou Dokimantasyon Anviwonnman :

Nan mwa out 2020, Rezime Rapò Oryantasyon an te pibliye. Li se yon rezime ki reponn kòmantè piblik la fè sou rapò NEPA a. Li montre piblik la pa te dakò ankò pou Opsyon Ibrid Soldiers Fields Road la. Opsyon sa a ta mande pou genyen yon sipò tanporè sou Charles River pandan 8 - 10 lane konstruksyon an ap dire, men anpil nan kòmantè yo di tan sa a ta twò long.

Dapre repos nou resevwa yo, ekip Pwojè a :

- Aplike yon gwo opsyon Prezèvasyon / Defans pou Bati pasrèl
- Idantife 3L altènativ realiyman kòm altènativ pou bati wout konnekson an
- Fè revizyon Opsyon Nivo teren an ak Wout Vyadik Modifye a pou :
  - Kapab enstale pi ta yon konnekson nò-sid pou pyeton / bisiklèt ant Agganis Way ak Chimen Bisiklèt Paul Dudley a.
  - Korije enpak vizyèl yo avèk mwayen estetik
  - Korije modèl West Station ak ray sipèpoze sou teren, pou mete ladan yo 4 ray ak 3 platfòm

An septanm 2021, yo te chwazi Opsyon Modifye nan Nivo Teren an kòm chimen pou ajans lan pran. Yo te pran desizyon sa a dapre kòmantè yo te resevwa sou Rezime Rapò Oryantasyon an. Tout twa opsyon koulwa sa yo pral pase nan yon ànaliz anviwonnmantal ak yon pwoesisis otorizasyon NEPA egzije, men Opsyon Nivo Teren an pral zòn atansyon prensipal la. Menm si gen difiklité lojistik ki la toujou pou opsyon sa a, MassDOT pral fè tout sa ki posib pou travay sou yo.



## Delè pwojè

